

Doctrine of the Holy Spirit -- *Doktrin Sentespri*
Berkhof Discussion Questions -- *Kesyon pou diskisyon sou liv Berkhof la*

Leson 24: COMMON GRACE – GRAS JENERAL

1. How does this study relate to the study on the atonement?

Ki rapò nou wè etid sa a genyen avèk etid sou doktrin ekspiyasyon ?

2. What is the nature of the general operations of the Holy Spirit in nature?

Kijan nou kapab dekri fason Sentespri a travay an jeneral nan lanati ?

3. How do His special operations compare with theses?

Kijan nou kapab konpare fason espesyal Sentespri a travay avèk fason nou te wè li travay an jeneral nan lanati ?

4. What is common grace?

Kisa Gras Jeneral vle di ?

5. How does our view of it differ from that of the Armenian?

Kijan pozisyon nou diferan avèk pozisyon Aminyen yo ?

6. What is the difference between special and common grace?

Ki diferans ki genyen ant Gras Espesyal avèk Gras Jeneral ?

7. Do the blessing of common grace in any sense result from the death of Christ?

Eske nan yon sans nou ka di benediksyon Gras Jeneral yo jwenn sous yo nan lamò Kris la ?

8. If so, in what sense?

Si wi, nan ki sans ?

9. By what means does common grace work?

Pa ki mwayen eske Gras Jeneral la fonksyone ?

10. What are the effects of common grace?

Ki fwi eske Gras Jeneral la pote ?

11. What Scripture proof is there for common grace?

Ki prèv moun ka jwenn nan Bib la pou apiye doktrin Gras Jeneral la?

Leson 25:

CALLING AND REGENERATION – APEL & REJENERASYON

1. How does the Reformed order of salvation differ from the Arminian and Lutheran?

Kijan deroulman sali a selon teoloji refòm diferan ak pozisyon Aminyen yo ak Literyen yo ?

2. What do we mean by calling?

Kisa "apèl" vle di pou nou ?

3. How do external and internal calling differ?

Ki diferans nou wè ant « apèl eksteryè » avèk « apèl enteryè »?

4. What elements does it include?

Ki eleman ki antre nan apèl la?

5. What are the two characteristics of the external call?

Ki de (2) mak-fabrik apèl eksteryè a ?

6. What purpose does it serve?

Kisa apèl saa itil ?

7. How is the internal calling related to the external?

Ki relasyon apèl enteryè a genyen avèk apèl eksteryè a ?

8. What are its distinctive marks?

Ki mak-fabrik apèl enteryè a ?

9. How does it operate?

Kijan apèl enteryè a mache ?

10. In what sphere does it operate?

Nan ki domèn eske apèl enteryè a fonksyone ?

11. To what end is it directed?

Pou ki finalite eske l'ap avanse ?

12. Is "effectual call" a work or an act?
Eske « apèl efikas » la se yon zèv oubyen yon aksyon ?
13. What different meanings has the word "regeneration"?
Ki diferan definisyon nou jwenn pou mo « rejenerasyon » ?
14. What is regeneration in the restricted sense?
Ki definisyon rejenerasyon nan yon sans estrik pou teoloji ?
15. What is the nature of the change wrought in regeneration?
Kijan nou kapab prezante chanjman ki rive nan rejenerasyon ?
16. What is the relative order of calling and regeneration?
Nan ki pozisyon nan yon deroulman lojik nou kapab plase apèl pa rapò ak rejenerasyon ?
17. Is regeneration and act or work?
Eske rejenerasyon se yon zèv oubyen you aksyon ?
18. How can we prove the absolute necessity of regeneration?
Kijan nou kapab prouve kijan rejenerasyon se yon nesosite absoli ?
19. Why is it unlikely that the Word is used as an instrument in regeneration?
Poukisa nou kwè pa gen anpil chans pou Bondye ta bezwen sèvi ak Pawòl la kòm yon enstriman pou reyalize rejenerasyon ?
20. Do James 1:18 and 1 Peter 1:23 teach the contrary?
Eske Jak 1:18 ak 1 Pyè 1:23 ansenye de (2) bagay ki kontrè youn ak lòt ?
21. Is regeneration a work of God only or of God and man together?
Eske rejenerasyon se yon aksyon Bondye tou sèl oubyen se yon aksyon Bondye avèk lòt ?
22. Who teach baptismal regeneration?
Ki gwoup moun ki ansenye rejenerasyon pa mwayen batèm ?

1. What do the O/T words for conversion mean?

Ki sans diferan mo yo nan Ansyen Testaman an ki vle di « konvèsyon » ?

2. What is the meaning of the N/T words?

Ki sans diferan mo yo nan Nouvo Testaman an ki vle di « konvèsyon » ?

3. In how many different senses does the Bible speak of conversion?

Ki diferan kalite konvèsyon nou jwenn Bib la prezante ?

4. What is temporary conversion?

Kisa konvèsyon efemè a ye? (efemè = pou yon ti bout tan)